

## BAB III


### METODOLOGI PANALUNGTIKAN


Dina ieu bab dipedar metodologi panalungtikan ngawengku: desain panalungtikan, metode panalungtikan, téhnik panalungtikan, léngkah-léngkah panalungtikan, sumber data, instrumén panalungtikan, jeung wangenan operasional.

#### 3.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan nya éta prosés anu dirarancang pikeun ngajawab atawa ngajelaskeun masalah-masalah panalungtikan. Ieu desain panalungtikan téh disusun dumasar kana léngkah-léngkah: (1) nangtukeun masalah, (2) studi pendahuluan, (3) ngawatesanan jeung ngarumuskeun masalah, (4) ngarumuskeun anggapan dasar, (5) nangtukeun sumber data, (6) nangtukeun jeung nyusun instrumén, (7) ngumpulkeun data, (8) analisis data, (9) nyieun kacindekan, jeung (10) nyusun laporan. (Arikunto, 2006: 22-23).

Desain panalungtikan anu dilakukeun ku panalungtik didadasaran ku léngkah-léngkah panalungtikan anu geus ditétélakeun ku Arikunto di luhur.. Desain panalungtikan dibagankeun saperti ieu di handap:





**Bagan 3.1 Desain Panalungtikan**

## **3.2 Metode jeung Téhnik Panalungtikan**

### **3.2.1 Metode Panalungtikan**

Metode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode deskriptif. Ieu metode digunakeun pikeun ngadéskripsikeun fakta-fakta jeung sipat-sipat sacara faktual, sistematis tur akurat (Suyatna, 2002:14). Metode déskriptif mangrupa akumulasi data dasar dina wangun deskriptif, teu nguji hipotésis, teu nyieun ramalan, sarta teu meunangkeun *makna implikasi*.

Ieu metode digunakeun pikeun ngadéskripsikeun fakta-fakta jeung sipat-sipat campur kode dina karangan pangalaman siswa kelas VII SMPN 1 Bandung utamana wanda, wujud, kandaga kecap, adegan kecap, jeung faktor anu mangaruhan campur kodesacara faktual, sistematis tur akurat.

Metode ieu ogé bisa ngagambarkeun karakteristik data campur kode dina karangan pangalaman siswa kelas VII SMPN 1 Bandung. Ngaliwatan ieu metode, panalungtik baris ngadéskripsikeun data-data anu dikumpulkeun dumasar hasil analisis nepi ka bisa nyieun kacindekan tina ieu panalungtikan.

### **3.2.2 Téhnik Panalungtikan**

Téhnik panalungtikan ngawengku téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

#### **3.2.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data**

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya étatéhnik tés, angkét, jeung studi dokuméntasi.

- 1) Téhnik tés tinulis, digunakeun pikeun meunangkeun data karangan pangalaman siswa kelas VII SMPN 1 Bandung taun ajaran 2011/2012.
- 2) Téhnikangkét, digunakeun pikeun meunangkeun data ngeunaan faktor anu ngabalukarkeun lumangsungna campur kode dina karangan pangalaman siswa kelas VII SMPN 1 Bandung taun ajaran 2011/2012.
- 3) Ulikan dokuméntasi digunakeun pikeun nganalisis wanda, wujud campur kode, campur kode kandaga kecap, jeung adegan kecap dina karangan pangalaman siswa kelas VII SMPN 1 Bandung taun ajaran 2011/2012.

#### 3.2.2.2 Téhnik Ngolah Data

Data anu geus dukumpulkeun tangtuna kudu diolah pikeun didéskripsikeun anu éngkéna dijieun kacindekan ngeunaan data panalungtikan. Data anu geus dikumpulkeun diolah ngaliwatan sababaraha léngkah nya éta:

- 1) Data wanda campur kode, wujud campur kode, campur kode kandaga kecap jeung adegan kecap  
Pikeun ngolah ieu data, panalungtik ngalakukeun sababarah léngkah nya éta:
  - a. siswa nyieun karangan pangalaman;
  - b. hasil karangan pangalaman siswa dibaca jeung dibéré tanda kecap-kecap anu ngalaman campur kode ditilik tina wanda, kandaga kecap, jeung adegan;
  - c. hasil maca dianalisis tur diklasifikasikeun dumasar kana wanda, kandaga kecap, jeung adegan kecapna;
  - d. hasil analisis ditulis dina kartu data, unggal CK dibéré tanda nu tangtu;
  - e. kartu data disusun dina tabél; jeung

f. nyieun kacindekan tina data anu geus diolah dina wangun perséntase.

Rumus nu dipakéna nya éta:

$$\text{Frékuénsi campur kode} = \frac{n\ ECK}{nCK} \times 100\%$$

Katerangan:

N ECK = jumlah CK dina karangan pangalaman

nCK = jumlah total CK dina sakabéh karangan pangalaman

2) Data angkét

Pikeun mikanyaho faktor anu mangaruhan lumangsungna campur kode digunakeun data angkét. Data angkét diolah ngaliwatan sababaraha léngkah nya éta:

- a. siswa dibagi angkét campur kode;
- b. angkét dianalisis dumasar kana aspék jeung kategorina;
- c. hasil analisis diitung *frékuénsina* dumasar kana aspék anu ditalungtik; jeung
- d. nyieun kacindekan dina wangun perséntase.

$$\frac{f}{n} \times 100\% =$$

Katerangan:

f = frékuénsi aspék anu ditalungtik

n = jumlah siswa

### 3.3 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data mangrupa subjék anu bisa dipaké pikeun meunangkeun data. Anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nya éta hasil karangan siswa kelas VII SMPN 1 Bandung kelas VII-6 jeung VII-11 taun ajaran 2011/2012.

### 3.4 Wangenan Operasional

Pikeun nyingkahan ayana salah tafsir ti pamaca, judul tina ieu panalungtikan dijéntrékeun dina wangenan operasional ieu di handap:

- 1) Campur Kode dina ieu panalungtikan nya éta campur kode basa Indonesia kana basa Sunda anu aya dina karangan pangalaman siswa kelas VII SMPN 1 Bandung ditilik wanda, kandaga kecap, jeung adegan kecapna;
- 2) Karangan Pangalaman dina ieu panalungtikan nya éta téks tulisan hasil ngarang siswa-siswi SMPN 1 Bandung taun ajaran 2011/2012 ngeunaan pangalaman pribadina.

Jadi, maksud tina judul “Campur Kode dina Karangan Pangalaman Siswa Kelas VII SMPN 1 Bandung Taun Ajaran 2011/2012” nya éta ngadéskrispikéun campur kode dina téks karangan pangalaman siswa kelas VII SMPN 1 Bandung taun ajaran 2011/2012 ditilik tina wanda, kandaga kecap, jeung adegan kecapna.

### 3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta instrumén tés, kartu data, jeung angkét.

- a. Instrumén tés, tés anu digunakeun aya dina wangun paréntah.

- b. Kartu data. Kartu data digunakeun pikeun kalancaran klasifikasi jeung déskripsi data. Dina kartu data aya nomer data, paragraf, prosés campur kode, jeung conto kalimahna.

Nomer/Kode Data	:.....
Paragraf ka	:.....
Prosés campur kode	:.....
Wangun kalimah	:.....

**Tabél. 3.1 Conto Kartu Data**

Nomer/Kode Data	:P.11.2.....
Paragraf ka	:1.....
Prosés campur kode	:Adegan (KecapRundayan)
Wangun kalimah	: <i>kaésokanana</i> abdi angkat ka PUSPA IPTEK

**Tabél. 3.2 Conto Ngalapkeun Data**

- c. Angkét. Angkét digunakeun pikeun mikanyaho faktor anu mangaruhan kana lumangsungna campur kode dina karangan pangalaman siswa kelas VII SMPN 1 Bandung taun ajaran 2011/2012.

Conto kisi-kisi angkét:

No.	Aspék anu ditalungtik	Nomer Soal
1.	Suku bangsa/ Alamat asal	1,2

2.	Basa anu dikawasa	3
3.	Basa sapopoé jeung kaluarga	4,5,6
4.	Basa sapopoé di masarakat	7,8,9
5.	Bacaan di imah	10
6.	Acara TV anu sok ditongton	11
7.	Aya rasa géngsi maké basa Sunda	12
8.	Cara maké basa Sunda dina wangun tinulis	13,14,15

**Tabel 3.3 Kisi-Kisi Angkét**

### **3.6 Léngkah-léngkah Panalungtikan**

Ieu panalungtikan disusun ngaliwatan opat léngkah, nya éta: (1) tahap tatahar, (2) tahap ngumpulkeun data, (3) tahap ngolah data, jeung (4) tahap nyusun laporan. Léngkah-léngkah panalungtikan dijéntrékeun ieu di handap:

#### **1) Tahap Tatahar**

Léngkah-léngkah anu dilakukeun dina tahap tatahar, nya éta (1) obsérvasi awal, (2) ngajukeun judul panalungtikan, (3) nyusun rarancang panalungtikan, jeung (4) konsultasi jeung dosén pangaping.

#### **2) Tahap Ngumpulkeun Data**

Léngkah-léngkah dina tahap ngumpulkeun data, nya éta: (1) telaah pustaka pikeun pamahaman awal kana masalah anu ditalungtik, (2) siswa dibéré paréntah



nyieun karangan pangalaman, (3) siswa dibéré angkét pikeun ngalengkepan data panalungtikan, jeung (4) data téks karangan pangalaman jeung data angkét didokuméntasi pikeun dipasing-pasing dumasar kana rumusan masalah.

### 3) Tahap Ngolah Data

Léngkah-léngkah dina ngolah data, nya éta: (1) data campur kode anu mangrupa téks dibaca kalawan gemet, (2) data dianalisis tuluy diklasifikasi, (3) nyieun kacindekan tina hasil analisis data dina wangun perséntase.

### 4) Tahap Nyusun Laporan

Tahap nyusun laporan panalungtikan mangrupa tahap anu pamungkas. Data-data abu geus dikumpulkeun, dianalisis, tuluy dicindekkeun disusun dina wangun laporan kalayan sistematis dina wangun skripsi.

